

**TOSE
TAKAGAMUCHIRA HERE
RUBHABHATIDZO
RWEMWEYA MUTSVENE ?**

NaJ. C. Choate



Tose

Takagamuchira Here

Rubhabhatidzo

RwoMweya Mutsvene ?

Vazhinji vanotenda kuti vose vanoterera Mwari vanogamuchira, kana kuti vanofanira kugamuchira kubhabhatidzwa kweMweya Mutsvene. Mukutenda uku, vanoguma vakutaura kuti kuita uku ndiko kunovapa masimba ekuita zvishamiso sezvaitwa nevaapostora munguva yavakararama. Mukuzvinyengera pachezvavo nekunyengera avo vanovatevera. Vanozama kutaridza kuti vatendi 120 vemubhuku raMabasa 1:15 vakagamuchidzwa kubhabhatidzwa kweMweya Mutsvene, sekugamuchidzwa uko kwakaitwa vaapostora, muna Mabasa 2:1-4.

Ndapota funga pamusoro pemubvunzo uyu vopa mhinduro:

1. Ndianani wakavimbiswa Munyaradzi kana Mweya Mutsvene Ishe vasati vadzoka mukubva kwavo munyika ino?

MHINDURO: Achitaura nevaapostora, Kritisu anoti, *"Kana Munyaradzi avuya, wandichatuma kwamuri, achibva kunaBaba, iye Mweya wazvokwadi, unobuda kunaBaba, uchandipupurira. Nemwi vo pupurai, nokuti maiva neni kubva pakutanga"* [Haasi munhu vese pakati pevanhu 120 aive naKritisu kubva pakutanga] (Johane 15:26,27). Zvakare achitaura nevaapostora gumi neumwechete vainge vakaungana Kwaari. (Mabasa 1:2,4) Pagomo Remiorivhi asaiti akwira kuenda kudenga, Jesu anoti, *"Tarirai, ndinotuma pamusoro penyu chipikirwa chaBaba vangu; asi imi garai muguta kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro"* (Ruka 24:49). Zvakare verenga

Mabasa 1:8.

2. Vaapostora vose vari 120 varipana Mabasa 1 vakagamuchira kubhabatidzwa kweMweya Mutsvene here?

MHINDURO: Mukuverenga kubudikidza mundima yekutanga neyechipiri yaMabasa, munhu anotarisirwa kuona kuti vaapostora ndivo voga vakagamuchidzwa. Zvinyorwa zvekutanga zvainge zvisina kuiswa muzvikamu nemundima. Zvinoverengwa, muna Mabasa 1:26 pamusoro paMatiyasi, murume akasarudzwa kuti atsive Judasi, kuti apo ainge vakaungana *nevaapostora gumi nerimwechete* "Zvino zuva rePentekosta rakati rasvika, vakanga vakavungana vose nomoyo mumwe panzvimbo imwe. Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapiwa napo noMweya kureva..." (Mabasa 2:1,4).

Vatereri vakashamisika mukunzwa kutaura kwendimi dzakasiyana siyana, ndokubvunza, "Vakakatyamara vose, vakataura mumwe kunomumwe, vachiti: Tarirai, **ava vose vanotaura havazi vaGararia here?**" (V.7). Vainge vasiri vose 120 maGarariya Asi vaapostora vaive vekuGarariya. Zvagare ndivo vainge vavimbiswa kuzogamuchidzwa Mweya Mutsvene, zvakare ndivo vamwechete vakaMugamuchira muchiitiko chechishamiso ichi.

3. Zvino "chipo cheMweya Mutsvene," ndicho here chakafanana nechakavimbiswa kuruzhinji muna Mabasa 2:38, chakafanana here nechishamiso cherubhabatidzo reMweya Mutsvene?

MHINDURO: Kwete, kwaingova kuzvipa kweMweya Mutsvene pachezvake, kudzoreredzwa kwehupenyu hweMweya pakati pevanotenda, achipa kunevese anenge abhabatidzwa zvinoenderana nemuzvinyorwa (Mabasa 5:32).

4. Vamwe vanhu vanofunga kuti nezuva rePentekositi vano vose vanotenda vakava vanogamuchidzwa kubabatidzwa kweMweya Mutsvene, nekupihwa masimba ekuita zvishamiso. Kana zvirizvo, sei zvainge zvakakosha kuti vaapostora vabate misoro yevanomwe vainge vasarudzwa kuita basa mubhuku raMabasa 6:3-6, kuitira kuti vakwanise kuita mabasa ezvishamiso?

MHINDURO: Vaapostora ndivo voga vakagamuchidzwa **kubhabatidzwa kwoMweya Mutsvene**, asi vamwe vose vaifanirwa **kubhabatidzwa nemvura bedzi**, vopihwa **kuregererwa kwezvivi zvavo** nekupihwa Mweya Mutsvene **unogara mavari**. Nokudaro vaapostora bedzi ndivo vaikwanisa kuita zvishamiso. Kwete vanhu vose 120 waiva panaMabasa 1:15 kana zviuru zvitatu (3000) zviripana Mabasa 2:41 havana kutambira kubhabatidzwa kwoMweya Mutsvene sekugamuchidzwa kwakaitwa vapostora.

Zvakare munaMabasa 6:1-8, apo vapostora vanotsaura varume vanomwe vakarurama kuti vakwanise kushandira vanhu, vakavarongera kuti vave *"varume vane muraramo vakanaka, vakazadzwa noMweya Mutsvene pamwe nehuchenjeri..."* Zviripachena kuti varume ava vainge vatopihwa Mweya Mutsvene Kare- *chinova chipo cheMweya Mutsvene sezvakavimbiswa* munaMabasa 2:38 - nechipo chisiri chevishamiso cheMweya; asi havana kupihwa masimba ezvishamiso. Asi izvo zvakaitika bedzi mushure mekusarudzwa kwevarume vanomwe, avo vaapostora vakaisa maoko pamusoro pavo, kuti vakwanise kuita zvishamiso! (Mabasa 6:8; 8:5,6).

2. Nhasi, vanotenda munaKritsu vakapihwa here rubhabatidzo rweMweya Mutsvene?

MHINDURO: Kwete. Nokuti rubhabatidzo urwu rwakavimbiswa nekupihwa kuvapostora bedzi (vakamirira vanhu vechiJudha) uye kuna Koneriyasi neimba yake (vakamirira verudzi rweVahedheni, Mabasa 10). Kunze kweizvi hakuna rimwe rubhabatidzo rweMweya Mutsvene rwakanyorwa muZvinyorwa. Vaapostora vaizosarudza **vanenge vakafanira**, nekuvaisa **maoko pamisoro yavo**, nekupa **umwe neumwe chipo chekuita zvishamiso**, asi ainge apihwa aisazokwanisa kupa chipo ichi **kune vamwe** (Mabasa 6:6;8:14-17). Tinoona chokwadi ichi muna Mabasa 5:12 *"Zviratidzo nezvinoshamisa zvizhinji zvakaitwa pakati pavanhu namavoko avaapostora; ..."* uye muna Mabasa 8:15: *"Ivo vakaburukira'ko, [vapostora] vakavanyengerera kuti vapiwe Mweya Mutsvene:"*

Izvi zvinopa muganu mukushanda kwemabasa ezvishamiso zvoMweya Mutsvene mumakore zana ekutanga, paucheche hwekereke, apo Zvinyorwa pazvinyorwa nekusimbiswa nemasimba ezvishamiso zvevanyori (Marko 16:20).

6. Vanhu vanopihwei nhasi kana vachinge vabhabatidzwa?

MHINDURO: Kana tichinge taterera Ishe, tinopihwa chivimbiso *chipo cheMweya Mutsvene- Mweya* vaMwari *unogara matiri nekutipa hupenyu hweMweya* sezvakanyorwa muna Mabasa 2:38 navaRoma 8:9-11, zvinosanganisira kusavepo kwemasimba ezvishamiso.

Sei tisiri kupihwa masimba ekuita zvishamiso mazuva ano? Nokuti tine Inzwi raMwari rakasimbiswa kwatiri kuti rititungamire (Marko 16:20; Johane 20:30, 31), uye kutenda kunouya kubudikidza nokunzwa shoko raMwari (vaRoma 10:17), kwete kubudikidza nekuona chishamiso. Maringe nenhoroondo, zvose zvitendero zvechihedheni zvinotaura pamusoro pekuva nemasimba ezvishamiso. Hatingaende kwese kwese mukuratidza kana kuratidza chokwadi kutaura kwavo. Zvechokwadi, inova nzira "yakanyanya kunakisisa" sezvakavimbiswa muna 1 Vakorinte 12:31;13:8-10 - Manzwi aMwari akakwana mukunyorwa kwavo - inova Testamente Itsva.